

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa Sunda kaasup basa indung pikeun urang Sunda sarta sakaligus jadi basa daérah di Jawa Barat. Kalungguhan basa Sunda salaku basa daérah jinek dina UUD 1945, Bab XV, penjelasan pasal 36. Kitu deui, dina kacindekan hasil Seminar Politik Bahasa Nasional di Jakarta (1975) jeung dina RUU kebahasaan (2006). Dina kalungguhanana jadi basa daérah, nurutkeun kacindekan Seminar Politik Bahasa Nasional 1975 di Jakarta, basa Sunda miboga sababaraha fungsi, di antarana, jadi (1) lambang kareueus daérah, (2) lambang jatidiri daérah, (3) pakakas atawa alat gaul di kulawarga jeung masarakat daérah, (4) pangdeudeul basa nasional, (5) basa panganteur di SD kelas-kelas awal di Jawa Barat, jeung (6) pakakas pikeun mekarkeun jeung ngadeudeul budaya Sunda (Halim dina Sudaryat, 2009:88)

Pikeun nguatan légalisasi pamumulé basa Sunda, Gubernur Jawa Barat medalkeun Perda Nomer 5 taun 2003 ngeunaan *Pemeliharaan Basa, Sastra, dan Aksara Daérah*. Minangka wujud (réalisasi) dina widang atikan jeung pangajaran, Gubernur Jawa Barat ogé medalkeun surat putusan No.423.5/Kep.674-Disdik/2006 tanggal 25 juli 2006 ngeunaan *Standar Kompetensi dan Kompetensi Dasar Serta Panduan Penyusunan Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan Mata Pelajaran Bahasa dan Sastra Sunda TK/RA, SD/MI, SMP/MTS, SMA/MA/SMK*. Atuh dina Taun 2013, Gubernur Jawa Barat medalkeun putusan No.69, Taun 2013 ngeunaan *Kompeténsi Inti dan Kompetensi Dasar* ngeunaan pangajaran basa jeung sastra Sunda. Ieu téh saluyu jeung rékomédasi UNESCO tahun 1999 ngeunaan ngamumulé basa-basa indung di dunya, anu dina tanggal 21 Fébruari ditetepkeun jadi "Poé Basa Indung Internasional".

Basa Sunda lahir bareng jeung lahirna masarakat Sunda katut budayana. Ku kituna, dina pakumbuhanana masarakat Sunda ngayakeun patali marga ngagunakeun basa Sunda salaku pakakas komunikasina. Basa Sunda henteu ngan

Wiwini Setiawati, 2015

WANGUNAN KALIMAH SINGGET BASA SUNDA^A

dipaké keur ngaraketkeun patali marga hungkul, tapi ogé dipaké keur sadirieun. Keur sadirieun nyaéta waktu urang ngimpi, ngadunga, kukulutus, ngitung, jeung nyieun catetan poéan dina agénda pribadi. Ari basa Sunda nu dipaké pakakas komunikasi mah nyaéta basa Sunda anu dipaké pikeun ngirim jeung narima pesan (rasa, pikiran, jeung kahayang) ti pangirim ka panampa (pamiarsa) ngaliwatan médium basa. Basa Sunda dipaké waktu urang komunikasi; nyatana pikeun alat campur gaul jeung papada urang Sunda atawa anu lain urang Sunda tapi bisa basa Sunda.

Dina prosés komunikasi, pangirim atawa panampa bisa ngedalkeun naon waé anu dirasa, boh rasa gumbira, nalangsa, atawa ambek ka jalma anu diajak nyarita atawa nu dicaritakeun. Kedalna rasa, pikiran, jeung kahayang dina sistem sora waktu campur gaul disebut adegan eusi basa (*deep structure*). Ari sistem sora manusa anu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa disebutna adegan cangkang (*surface structur*). Hal anu dikomunikasikeun ku pangirim ka panampa kedal dina wangun kalimah. Prawirasumantri (2000: 12) nétélakeun yén kalimah téh nyaéta kontruksi gramatik maksimal, mangrupa bagian pangleutikna, ngandung pikiran tina hiji wacana, diwatesan ku randegan panjang tur miboga lentong pamungkas turun atawa naék, anu rélatif éta kontruksi téh bisa madeg mandiri. Ku kituna, kalimah téh mangrupa wangun atawa kontruksi anu dipaké pikeun ngedalkeun eusi komunikasi; rasa, pikiran, jeung kahayang.

Kalimah anu dipaké waktu komunikasi aya anu wangunna lengkep aya ogé anu wangunna teu lengkep. Eta dua wangunan kalimah téh dina prakna dipaké waktu komunikasi, bisa dina médium basa lisan bisa dina medium basa tulis. Medium basa lisan umumna dipaké waktu ngobrol sapopoé, ngajar, ceramah, atawa biantara, médium basa tulis umumna dipaké dina majalah, koran, jeung buku-buku.

Wangun kalimah téh boh lengkep boh teu lengkep bisa kapanggih dina rupa-rupa medium komunikasi. Ari medium komunikasi basa téh bisa ragam lisan bisa ragam tulisan. Dina ragam lisan, wangun kalimah bisa kapanggih dina omongan atawa paguneman atawa karya sastra prosa anu memang

ngagambarkeun ayana paguneman. Dina ragam tinulis, wangun kalimah téh bisa kapanggih dina koran, majalah, jeung buku-buku karya sastra atawa pangajaran.

Ieu panalungtikan téh museur kana ulikan wangun kalimah singget dina ragam tinulis anu kapanggih dina majalah basa Sunda, nyaéta majalah *Manglé*.

Panalungtikan ngeunaan struktur basa Sunda geus loba dipilampah boh nu patalina jeung subsistem fonologis, subsistem gramatikal (morfologi jeung sintaksis), boh subsistem léksikal. Kitu deui, panalungtikan nu patali jeung adegan kalimah minangka subsistem gramatikal geus kaitung réa. Nepi ka kiwari, panalungtikan anu ngagarap kalimah singget basa Sunda can kungsi aya nu ngalaksanakeun.

Dina tulisan-tulisan anu maké basa Sunda réa digunakeun kalimah singget. Salasahiji média tulisan anu réa ngadung kalimah singget nyaéta majalah *Manglé*. Tapi, nepi ka kiwari can aya nu nalungtik kumaha adegan anu lengkep jeung harti kalimah singget nu aya dina éta majalah. Ku kituna, panalungtikan anu judulna ”Wangun Kalimah Singget Basa Sunda dina Majalah *Manglé*: Tilikan Adegan jeung Semantik” dilaksakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Analisis kalimah téh bisa disawang tina rupa-rupa segi saperti wangun, fungsi pragmatis, hubungan antara unsur, jeung wandana. Wangun kalimah ngawengku kalimah salancar jeung kalimah ngantét, fungsi pragmatis kalimah ngawengku kalimah wawaran, kalimah pananya, kalimah paréntah, kalimah panyeluk, hubungan antar unsur kalimah ngawengku hubungan satata jeung hubungan sumélér, ari wanda kalimah ngawengku kalimah langsung jeung teu langsung, kalimah aktif, pasif, médial, jeung résiprokal (Sudaryat, Spk, 2007:236).

Ku lantaran ambahan analisis kalimah téh kacida legana, dina ieu panalungtikan diwatesanan kana wangun kalimah singget basa Sunda. Ari sumber datana tina tulisan atawa karangan anu aya dina majalah *Manglé*.

Dumasar kana éta watesan aya sababaraha masalah anu perlu dirumuskeun. Eta rumusan masalah téh ditepikeun dina wangun pertanyaan ieu di handap.

- 1) Kalimah singget naon waé anu kapanggih dina majalah *Manglé?*
- 2) Kumaha wanda kalimah singget dina éta majalah *Manglé?*
- 3) Kumaha adegan kalimah singget dina éta majalah *Manglé?*
- 4) Kumaha harti kalimah singget dina éta majalah *Manglé?*

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskrripsikeun adegan jeung harti kalimah singget basa Sunda dina majalah *Manglé*. Ari deskripsina ngawengku opat hal, nyaéta:

- 1) kalimah singget basa Sunda anu kapanggih dina majalah *Manglé*;
- 2) wanda kalimah singget dina majalah *Manglé*;
- 3) adegan kalimah singget dina majalah *Manglé*, jeung,
- 4) harti kalimah singget dina majalah *Manglé*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan téh bisa méré wawaran anu jembar pikeun ngeuyeuban paélmuan tata basa tur kamekaran élmu pangaweruh dina widang tata basa Sunda, utamana dina tataran sintaksis nyaéta pikeun ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan kalimah singget.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun guru, siswa, jeung nu maca. Pikeun guru, ieu panalungtikan bisa dijadikeun bahan ajar jeung pangajaran basa. Pikeun siswa, bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan élmu kabahasaan jeung sastra Sunda sarta pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina kaparigelan maké basa, hususna dina aspék nyarita. Ari

Wiwin Setiawati, 2015

WANGUNAN KALIMAH SINGGET BASA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

pikeun nu maca, bisa ngeuyeuban pangaweruh kabasaan leuwih jembar deui, utamana dina masalah kabasaan jeung pangajaran.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu panalungtikan disusun ku lima bab, kalawan raraga tulisanana saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, anu eusina mertélakeun kasang tukang, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, wangenan istilah, jeung sistematika tésis.

Bab II Ulikan tiori, anu eusina ngadadarkeun sajumlahing konsép poko anu dijadikeun tatapakan pikeun analisis pasualan anu ditalungtik dumasar kana sajumlahing buku jeung bahan bacaan lianna salaku rujukan konsép jeung tiori. Sawangan anu didadarkeun ngawengku tiori perkara kalimah, wangun kalimah, peran, jeung hubungan semantis dina kalimah, jeung kawih. Salian ti éta, didadarkeun anggapan dasar jeung raraga mikir.

Bab III Méthode panalungtikan, anu eusina mertélakeun perkara méthode panalungtikan, desain panalungtikan, nangtukeun data, instrumén panalungtikan, jeung prosedur analisis data.

Bab IV Timuan jeung pedaran, anu eusina mangrupa déskripsi jeung analisis ngeunaan kalimah singget dina majalah *Manglé*. Didadarkeun ogé pedaran hasil panalungtikan.

Bab V Kacinbekan jeung saran, anu eusina mangrupa kacindekan tina hasil analisis anu dipedar dina bab IV, jeung saran anu dianggap penting pikeun panalungtikan lianna.